



Fè yon Chèdèv

Paint-sicles ak sipò vityèl





Kisa ke ou bezwen:



- Frizè
- Plato glas oubyen plizyè kontenè plastik ki menm gwosè oubyen goblè—si ou kapab, chwazi yon gwosè ki pi apwopriye pou ou ak pitit ou pou kapab kenbe e manipile.
- Pigman koulè—sa kapab penti ki lave (tempra oubyen kolè dlo), koloran manje, oubyen lakrè koulè an poud
- Dlo
- (opsyonèl) Esans ki gen sant oubyen epis blende
- (opsyonèl) Papye aliminyòm ak yon bagay ki pou sèvi kòm manch yon bwa sisèt ki kout, ti bwa, netwayan pou pip, koure-dan, oubyen tankou
- (opsyonèl) Gan
- Papye blan

Yon nòt pou jwe ak Paint-sicles: Eksperimante osi lontan oubyen ousi kout ke ou vle. Ou kapab kite Paint-sicles ki rete nan frizè an ant lè ou sèvi li. Plis ou ekperimante ak Paint-sicles yo, plis w'ap konfòtab lè ou sèvi ak yo, e plis w'ap vinn atistik ak penti yo!



Kisa pou fè:

Pati 1: Prepare Paint-sicles yo

1.		Ranmase materyèl ou.
2.		Plase enpe nan pigman koulè yo nan chak kontenè yo oubyen seksyon nan plato glas lan.
3.		<p>Mikse yon ti dlo nan pigman koulè an, fè atansyon pou pa dilye koulè an twòp. Paint-sicles yo travay pi byen lè yo gen koulè ki fonce e byen satire.</p> <p>Ekzak pwopòsyon pigman nan dlo an depann de tip de pigman ke ou sèvi. Li okay pou bay diferan montan pou wè kisa ki pi byen travay pou ou. Sa fè pati de eksperimantasyon an!</p>
Opsyonèl		<p>Li opsyonèl pou ajoute de twa gout esans oubyen epis blende nan dlo koulè a pou enpe pafen pandan ke w'ap pentire.</p> <p><i>Sonje ke epis blende kapab natirèlman ajoute oubyen chanje koulè Pain-sicle ou an.</i></p>

Opsyonèl		Ajoute yon manch se yon opsyon. Pou fè sa, kouvri kontenè a ak papye aliminyòm/ Mete yon manch nan papye aliminòm lan e nan chak kontenè ki gen dlo koulè yo pou ke li kapab kanpe dwat.
4.		Mete plato glas lan oubyen kontenè a nan yon sifas k plat nen frizè a jiskaske Paint-sicles lan fè glas, nan apeprè 3-4 è de tan.

Pati 2: Eksperimantasyon ak Penti

5.		<p>Mete yon fèy papye kote w'ap travay lan, e retire Paint-sicles ki fè glas yo nan kontenè a.</p> <p>Si ou santi ke yo kole, chofe kontenè a ak men'w oubyen nan dlo cho jiskaske yo kapab soti. Ou kapab mete gan lè w'ap pentire pou kapab kenbe men'w cho.</p>
6.		<p>Eksperimante sèvi ak Paint-sicles yo pou pentire sou yon papye. Kisa ke ou konstate sou kijan ke Paint-sicles yo mache?</p> <p>Ou kapab envestige kesyon an tankou: Konbyen tip de mak ke Paint-sicles yo kapab fè nan papye'm nan? Kijan ke Paint-sicles la chanje ak tan?</p>